

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Dina hakékatna, komunikasi penting dilakukeun sangkan maksud ti panyatur atawa panulis bisa ditepikeun, ditarima, tur dipikanyaho ku pamiarsa atawa pamaca, boh ku cara lisan boh tulisan. Ku ayana komunikasi, manusa bisa nepikeun pesen (rasa, pikiran, jeung kahayang) ti panyatur atawa panulis ka pamiarsa atawa pamaca ngaliwatan médium basa. Ku ngaliwatan medium basa, manusa bisa ngedalkeun kahayang atawa rasa, pikiran atawa gagasan, sarta bisa silih tukeur ide. (Nadar, 2009, kc. 10) nétélakeun yén komunikasi téh mangrupa kagiatan sosial nu miboga tujuan pikeun nepikeun omongan ti panyatur ka pamiarsa. Éta hal nuduhkeun yén basa mangrupa alat éksprési diri, alat komunikasi, sarta mangrupa sarana kontrol sosial.

Komunikasi bakal kawilang lancar saupama omongan nu ditepikeun ti panyatur ka pamiarsa teu nimbulkeun ayana pabéntar paham (Setiawan, 2017, kc. 2). Kitu ogé nurutkeun Haerudin & Suhérman (2013, kc. 5), weruhna kana seluk belukna basa kalawan hadé jeung bener ngarojong lancarna saurang panyatur dina nyusun atawa mikiran picaritaeun sangkan nyambung jeung nu dipiharep ku nu diajak nyarita (paregep).

Dina komunikasi, perluna ayana tarékah pikeun nafsirkeun maksud nu ditepikeun ku panyatur, lantaran sakapeung ungkara basa nu diébréhkeun ngandung ma'na ganda atawa ambigu. Nilik kana kahirupan sapopoé, nalika ngalakukeun paguneman sok manggihan omongan antara panyatur jeung pamiarsa nu ngalér-ngidul, malah aya nu diseselan ku unsur humoris nu sakapeung nyimpang kana aturan prinsip pragmatik (Setiawan, 2017, kc. 3).

Di sagigireun ti éta, tangtu aya ogé omongan nu teu nyalahan kana prinsip pragmatik. Upamana waé prinsip gawé bareng bakal kahontal saupama panyatur jeung pamiarsa miboga pangaweruh kana omongan nu dicaritakeun, miboga sikep sosen-sosen, serius nalika nyarita, sarta teu miboga hubungan anu raket (*intim*)

antara panyatur jeung pamiarsa (Yulaehah, 2012, kc. 3). Éta hal lain ngan saukur dina paguneman sapopoé wungkul, tapi dina acara televisi upamana waé dina wart nu jadi sorotan publik, tangtu omongan antara panyatur jeung pamiarsa sipatna *resiprokal* nu miboga tujuan sosial. Ku kituna, informasi nu ditepikeuna kudu basajan, *trending*, penting, jeung informatif, sangkan informasi katepikeun kalayan éféktif (Yuniarsih, 2011, kc. 3).

Dina sababaraha épisode acara televisi *Kalawarta* TVRI Jawa Barat, kapanggih ayana omongan antara panata acara jeung narasumber nu nyalahan kana prinsip gawé bareng, upamana aya omongan nu ngalér-ngidul, pasalia paham, jeung teu luyu kana aturan prinsip gawé bareng. Éta hal tangtu ngabalukarkeun informasi anu teu katepikeun sacara éféktif. Contona waé paguneman nu kapanggih ieu di handap.

Adin :“Terus, dina kajian-kajian éta ngasumpingkeun para budayawan-budayawan, henteu Kang?”
 Narasumber :“Aranjeuna ogé kaleresan balad pustaka kénéh.”

(P10&11/HBJI/25-10-18)

Dina paguneman di luhur ayana kateusaluyuan antara panyatur jeung pamiarsa. Adin salaku panata acara nanyakeun ngeunaan para budayawan nu datang dina kajian komunitas Pustaka Sunda. Tapi, narasumber ngajawab éta pananya nu teu rélevan atawa kurang luyu kana naon anu ditanyakeun ku panata acara. Ieu hal tangtu geus ngarempak prinsip gawé bareng nyaéta maksim kasaluyuan (*Rélévansi*).

Lian ti éta, aya ogé nu nuduhkeun omongan dina paguneman antara panyatur jeung pamiarsa anu teu nyalahan kana prinsip gawé bareng. Contona dina paguneman ieu di handap.

Panata Acara :“Janten ngawitana téh sapertosna mah aya nu ti Indonesia ogé nya, Bu”?
 Narasumber :“Aya malihan mah bahasa na ogé sapertos dina bahasa Sunda aya inum. Dina bahasa Jepang kuna aya inumi anu hartina gé sami. Ayana nomimas tah éta nomimas téh mungkin cikal-bakalna tina inum kénéh tina basa Sunda.”

(P14&15/HBJI/25-10-18)

Dina paguneman di luhur, ébréh ayana kasaluyuan antara omongan anu dikedalkeun ku panyatur jeung pamiarsa. Adin salaku panata acara nanyakeun ngeunaan aya henteuna pangaruh kabudayaan ti Indonesia, narasumber ngajawab luyu kana naon anu ditanyakeun ku panata acara. Ieu hal tangtu ayana prinsip gawé bareng nu kahontal nyaéta maksim kasaluyuan (*Relevansi*).

Dina ieu panalungtikan, digunakeun tiori prinsip gawé bareng salaku salah sahiji prinsip pragmatik nu didadasaran ku tiori Geoffrey Leech. Leech (1993, kc. 120) nétélakeun yén dina prinsip gawé bareng (*kooperatif*) panyatur jeung pamiarsa kudu gawé bareng dina ngedalkeun jeung maham kana eusi komunikasi. Ayana gawé bareng dina komunikasi antara panyatur jeung pamiarsa bakal ngawujudkeun omongan nu jelas, éfisién, jeung rélevan.

Nurutkeun Yule (1996, kc. 60) dina prosés komunikasi, rempug jukung antara panyatur jeung pamiarsa mangrupa faktor utama pikeun ngahasilkeun omongan nu éféktif (ngadeudeul). Kitu deui nurutkeun Wijana dina (Nadar, 2009, kc. 26) sangkan prosés komunikasi lumangsung kalayan lancar, diperlukeun prinsip gawé bareng antara panyatur jeung pamiarsa. Éta hal luyu jeung pamadegan Sudaryat (2016, kc. 81) yén hiji paguneman dina interaksi bisa ngawujud lamun aya gawé bareng antara panyatur jeung pamiarsa dina lumangsugna paguneman. Ari gawé bareng téh mangrupa kalibetna panyatur jeung pamiarsa anu ngawangun paguneman lengkep binarung ku unsur-unsur nu dipikabutuhna, boh dina omongan boh unsur pangdeudeulna. Leech (1993, kc. 128) nétélakeun yén aya opat maksim dina prinsip gawé bareng nyaéta maksim kuantitas (jumlah), maksim kualitas (inajén), maksim kasaluyuan (*relevansi*) jeung maksim cara.

Yulaehah (2012, kc. 52) nétélakeun ayana prinsip gawé bareng nu dirempak, balukar tina sababaraha hal saperti panyatur atawa pamiarsa nu ngébréhkeun rasa nu kaleuleuwihi nalika nyarita, kurangna pangaweruh kana informasi nu rék dicaritakeun, sarta ayana *miscommunication* atawa salah ngomong. Saupama nilik kana éta hal, tangtu aya patalina jeung fungsi komunikatif basa. Ari fungsi komunikatif basa téh mangrupa fungsi atawa kagunaan utama tina basa, sarta kudu nyaluyukeun antara basa jeung kontéks makéna basa (Sudaryat, 2016, kc.

127). Aya sawatara fungsi komunikatif basa nu teu sakuduna dilarapkeun nalika ngalakukeun paguneman, upamana waé nu kapanggih di acara televisi *Kalawarta* TVRI Jawa Barat saperti fungsi éksprésif jeung fungsi fatis.

Alesan pangna milih objék panalungtikan *Kalawarta* TVRI Jawa Barat nyaéta *Kalawarta* mangrupa salah sahiji program berita di TVRI Jawa Barat nu dipidangkeun maké basa Sunda. Dina Program *Kalawarta* dipidangkeun warta édisi paguneman atawa wawancara jeung narasumber sacara langsung (*live*) dina televisi anu medar ngeunaan sawatara hal kasundaan. Dina paguneman (tuturan atawa dialog) antara panata acara jeung narasumber, kapanggih ayana omongan antara panata acara jeung narasumber nu ngalér-ngidul, pasalia paham, jeung teu luyu kana aturan prinsip gawé. Eta hal tangtu ngabalukarkeun informasi teu katepikeun sacara éféktif.

Panalungtikan nu kungsi dilaksanakeun ngeunaan prinsip pragmatis, di antarana waé, “*Prinsip jeung Maksim dina Paguneman Kumpulan Carpon Panggung Wayang Karya Aam Amalia* (Samsudin, spk., 2014). Hasil tina éta panalungtikan ngan saukur medar ngeunaan prinsip-prinsip pragmatis nyaéta prinsip kasopanan jeung prinsip gawé bareng, teu medar ngeunaan faktor-faktor nu mangaruhan kana ayana kateusatuan prinsip gawé bareng. Panalungtikan ngeunaan prinsip gawé bareng nu séjénna aya dina wangun skripsi di antarana: (1) “*Pelanggaran Prinsip Kerja Sama Percakapan dalam Acara Mata Najwa di Metro TV*” (Setiawan, spk., 2017). Hasil tina éta panalungtikan nétélakeun ayana prinsip gawé bareng nu dirempak dina paguneman antara panata acara jeung narasumber, sarta faktor-faktor nu mangaruhan kana ayana prinsip gawé bareng nu dirempak, jeung (2) “*Prinsip Rukun Gawé dina Wacana Humor Rubrik “Barakatak” Majalah Manglé*” (Islamiati, 2018), nu ngaguar ngeunaan prinsip jeung maksim nu ngawengku kana prinsip kasopanan: maksim kawijaksanaan; maksim katumarima; maksim pangcocog; jeung maksim kasimpat, sarta prinsip rempug jukung: maksim jumlah; maksim inajén; maksim kasaluyuan; jeung maksim cara.

Ieu panalungtikan ogé sarua ngulik ngeunaan prinsip gawé bareng anu sumber datana nyaéta kalimah tina paguneman. Sanajan kitu, aya bédana nyaéta palebah kajian panalungtikanana. Dina ieu panalungtikan, maluruh ngeunaan

tingkat kasatuhuan jeung kateusatuhuan prinsip gawé bareng dina acara *Kalawarta* TVRI Jawa Barat, sarta naon waé faktor-faktor nu mangaruhan kana kateusatuhuan prinsip gawé bareng. Kitu deui dina objék nu ditalungtikna béda, anu saacana objék panalungtikanana kana wangun sastra, ari dina ieu panalungtikan objékna dina paguneman acara telepisi nyaéta *Kalawarta* TVRI Jawa Barat. Ku kituna, dumasar katerangan di luhur tétéla yén panalungtikan ngeunaan “Tingkat Kasatuhuan Prinsip Gawé Bareng dina Paguneman *Kalawarta* TVRI Jawa Barat” perlu dilaksanakeun.

1.2 Rumusan Masalah

Dina ieu panalungtikan maluruh ngeunaan tingkat kasatuhuan sarta kateusatuhuan prinsip gawé bareng dumasar tiori Leech, ogé faktor nu mangaruhan kana kateusatuhuan prinsip gawé bareng dumasar fungsi komunikatif basa nurutkeun Sudaryat. Dina prinsip gawé bareng maluruh ayana opat maksim nyaéta maksim kuantitas, maksim kualitas, maksim kasaluyuan (*relevansi*) jeung maksim cara.

Aya sababaraha masalah nu kapanggih dina ieu panalungtikan, di antarana nalika ngalakukeun paguneman sok manggihan omongan antara panyatur jeung pamiarsa nu ngalér-ngidul, malah aya nu diseselan ku unsur humoris (lucu) nu sakapeung nyimpang kana aturan prinsip pragmatik, nyaéta prinsip gawé bareng. Ku kituna, sangkan ieu panalungtikan henteu sumebar kana bahasan anu séjén, masalah anu dipedar dina ieu panalungtikan dirumuskeun dina kalimah pananya di handap.

- a. Kumaha prinsip gawé bareng dina paguneman *Kalawarta* TVRI Jawa Barat?
- b. Kumaha kasatuhuan prinsip gawé bareng dina paguneman *Kalawarta* TVRI Jawa Barat?
- c. Kumaha kateusatuhuan prinsip gawé bareng dina paguneman *Kalawarta* TVRI Jawa Barat?
- d. Faktor-faktor naon waé nu mangaruhan kana kateusatuhuan prinsip gawé bareng dina paguneman *Kalawarta* TVRI Jawa Barat?

1.3 Tujuan Panalungtikan

1.3.1 Tujuan Umum

Dumasar kana kasang tukang jeung rumusan masalah, ieu panalungtikan miboga tujuan umum pikeun ngadéskripsikeun jeung mikanyaho prinsip gawé bareng dumasar aturan pragmatik sarta hal nu ngasangtukangkeun timbulna kasatuhuan jeung kateusatuhuan prinsip gawé bareng dina paguneman acara *Kalawarta* TVRI Jawa Barat.

1.3.2 Tujuan Husus

Ieu panalungtikan miboga tujuan husus pikeun ngadéskripsikeun:

- a. prinsip gawé bareng dina paguneman acara *Kalawarta* TVRI Jawa Barat;
- b. kasatuhuan prinsip gawé bareng dina paguneman acara *Kalawarta* TVRI Jawa Barat;
- c. kateusatuhuan prinsip gawé bareng dina paguneman acara *Kalawarta* TVRI Jawa Barat; jeung
- d. faktor-faktor nu nyampak dina kateusatuhuan prinsip gawé bareng dina paguneman acara *Kalawarta* TVRI Jawa Barat.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Sacara tioritis, ieu panalungtikan miboga mangpaat pikeun nambahan jeung ngawewegan panalungtikan dina widang pragmatik hususna dina prinsip gawé bareng jeung pikeun acuan panalungtikan salajengna dina widang pragmatik hususna dina prinsip gawé bareng.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Sacara praktis, ieu panalungtikan miboga mangpaat saperti ieu di handap.

- a. Pikeun nu nalungtik, leuwih ngajembaran paélmuan dina widang pragmatik sarta dadasar ngalaksanakeun panalungtikan leuwih lanjut;
- b. Pikeun guru, jadi référénsi bahan ajar dina ulikan pragmatik hususna prinsip gawé bareng;

- c. Pikeun siswa, méré informasi ngeunaan prinsip gawé bareng;
- d. Pikeun sakola, nambahan panalungtikan dina widang linguistik hususna wacana jeung pragmatik; jeung
- e. Pikeun mahasiswa, jadi référénsi jeung bahan pancén kuliah dina ulikan pragmatik hususna prinsip gawé bareng.

1.5 Raraga Tulisan

Ieu di handap mangrupa raraga tulisan panalungtikan, anu ngawengku lima bab.

Bab I Bubuka, eusina ngeunaan masalah jeung tujuan panalungtikan anu aya patalina jeung tingkat kasatuhuan prinsip gawé bareng dina paguneman acara *Kalawarta* TVRI Jawa Barat.

Bab II Ulikan Tiori, eusina ngeunaan tiori-tiori anu dipaké dina ieu panalungtikan, nyaéta tiori prinsip gawé bareng, kapragmatisan wacana, paguneman, *Kalawarta*, jeung fungsi komunikatif basa, sarta panalungtikan saméméhna jeung raraga mikir.

Bab III Méthode Panalungtikan, eusina ngawengku méthode anu digunakeun dina ieu panalungtikan, anu ngawengku méthode panalungtikan, desain panalungtikan, data jeung sumber data, instrumén panalungtikan, téknik ngumpulkeun data, jeung analisis data.

Bab IV Hasil Panalungtikan jeung Pedaran, eusina ngeunaan hasil panalungtikan anu ngajelaskeun ngeunaan hasil analisis.

Bab V Kacindekan, implikasi, jeung rékoméndasi, mangrupa intisari tina sakabéh pedaran. Saran mangrupa pangdeudeul tina hasil panalungtikan pikeun nu maca ieu panalungtik.